

ETA FLORID

PLAN DAKSYON *pou* RETABLISMAN APRE KATASTWÒF



DB

DEPATMAN OPÒTINITE
EKONOMIK FLORID LA (DEO)

Yo te Soumèt oprè Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) pou satisfè egzijans pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Retablisman Apre Katastwòf la (Community Development Block Grant-Disaster Recovery, CDBG-DR) pou efò retablisman apre Ouragan Irma.

Modifikasyon Nimewo 2 (Non-Sibstansyèl)			
#Paj Avan	#Nouvo Paj	Seksyon	Chanjman/Adisyon/Efasman
118	188	Peryòd Abòdabilite yo	<p>DEO te modifiye definisyon Pwojè kay miltifamilyal pou Lwaye ki elijib pou asistans amenajman ak rekonstriksyon yo kòm pwopriyete ki gen senk apatman oswa plis yo.</p> <p>Langaj ki te la avan yo te defini pwojè miltifamilyal yo kòm pwopriyete ki gen uit aptaman oswa plis yo.</p> <p>Pwojè amenajman oswa rekonstriksyon kay miltifamilyal yo pral kontinye gen yon peryòd abòdabilite 15 zan pou lokatè ki gen revni fèb ak revni modere yo (LMI).</p>

Pwopriyete yo pral achte a pa fè pati yon zòn pwojè yo te prevwa, planifye, oswa deziyen kote yo pral achte tout oswa sibstansyèlman tout pwopriyete ki nan zòn lan yo nan yon limit tan espesifik. DEO pap achte pwopriyete a si negosyasyon yo pa reyisi abouti a yon akò amikab, epi yo te enfòme pwopriyete a sa alekri. DEO pral enfòme pwopriyete a alekri pou fè yo konnen pri yo kwè pwopriyete a vo sou mache a. Yo pral itilize Evalyatè Imobilye Lisansye Eta Florid yo pou estime konbyen pwopriyete ki nan pwogram racha a yo vo. DEO pral ofri pwopriyete kay yo menm kantite lajan kay la te vo lè yo te evalye l avan tanpèt la. Anplis de sa, DEO pral tabli politik sou ensitasyon pou ankouraje reyenstalasyon yo. Politik DEO yo pral asire ke ensitasyon pou ankouraje reyenstalasyon yo mete sou pye yo konfòm ak egzijans aplikab dapre Dwa Sivil ak Pwomosyon Afime Lojman Ekitab la yo epi pou pa gen okenn diskriminasyon kont klas pwoteje yo.

Alokasyon pou Aktivite a: \$75 000 000

Aplikasyon ki Elijib yo: Konte ak minisipalite ki anndan konte ki te resevwa yon deklarasyon nan men FEMA IA ansanm ak PA apre Ouragan Irma.

Kritè Elijiblite yo: Zòn racha ki te reyisi fè yon pwojè fezab ki pral satisfè yon avantaj LMA.

Prim Sibvansyon Maksimòm: \$5 000 000

Antite ki Responsab pou Administrasyon Prim Sibvansyon an: Inite Gouvènman Lokal Jeneral

(UGLG) **Elijiblite:** 105(a)(l), 83 FR 5844-35 ensitasyon pou ankouraje kreyasyon lojman nan kominote katastwòf te afekte yo **Objektif Nasyonal:** Avantaj pou moun ki gen revni fèb ak modere (LMI)

Yo pral fè yon revizyon elijiblite zòn racha yo pou asire ke izaj final pwopriyete yo abouti nan yon zòn sèvis pwojè kote omwen 51 pousan rezidan yo fè pati LMI.

Reutilizasyon Konpatib Kreyativ Pwopriyete a

DEO pral kreye gid ak meyè pratik pou kominote yo ka konsidere fason yo ka itilize pwopriyete yo achte atravè pwogram sa a nan yon manyè k ap benefisye piblik la, epi ki satisfè egzijans HUD genyen pou espas ekolojik pèmanan an. Sa gendwa gen ladan konsepsyon kreyativ pou itilizasyon dlo lapli, espas pak ak lòt egzanp ankò. Yo pral ankouraje kominote k ap patisipe nan pwogram sa a pou yo gen yon plan k ap montre fason yo pral itilize pwopriyete sa alavni pou yo plis redui risk inondasyon ak/oswa fason l ap sèvi kòm yon espas lwazi pou piblik la.

Peryòd Abòdabilite yo

Yo gendwa egzije pwopriyete k ap chache asistans atravè pwogram ki fè pati plan daksyon eta Florid la pou yo konfòm a peryòd egzijans abòdabilite yo. Egzijans abòdabilite yo se:

1. Pwojè amenajman ak rekonstriksyon kay miltifamilyal pou lwaye ki gen **senk apatman oswa plis yo** pral egzije pou pwopriyete lokatif ki resevwa asistans yo rete abòdab pou lokatè LMI yo pandan 15 zan ominimòm. Asistans yo bay Otorite Lojman piblik yo ka tonbe nan kategori sa a.
2. Pwojè nouvo konstriksyon kay miltifamilyal pou lwaye ki gen senk apatman

oswa plis yo pral egzije pou pwopriyete lokatif ki resevwa asistans yo rete abòdab pou lokatè LMI yo pandan 20 tan ominimòm.

3. Peryòd Abòdabilite pou inite lokatif ki se kay inifamilyal yo pral 1 an ominimòm, amwenske gouvènman lokal yo te tabli peryòd abòdabilite k ap dire pi lontan. Otorite Lojman Piblik k ap chache fè amenajman oswa rekonstriksyon apatman nan lojman miltifamilyal yo dwe asire ke pwopriyete lokatif ki resevwa asistans lan rete abòdad pou lokatè LMI yo pandan 15 zan ominimòm (si li gen uit apatman oswa plis).